

REPUBLIKA Y'UBURUNDI



**UBUSHIKIRANGANJI BW'UBUTUNZI NO GUFASHANYA MU  
MIGAMBI Y'ITERAMBERE**

**AMAFARANGA  
Y'ABENEGIHUGU**

**MUKAKARO2018**

**ICEGERANYO C'AMAFARANGA ATEGEKANIJWE GUKORESHA NA  
REPUBLIKA Y'UBURUNDI MU MWAKA W'IBIHUMBI BIBIRI NA CUMI**

## **N'UMUNANIUSHIRA UMWAKA W'IBIHUMBI BIBIRI NA CUMI N'ICENDA (2018/2019)**

### **I. Politike y'amafaranga ategakanijwe gukoreshwa mu mwaka w'ibihumbi bibiri na cumi n'umunaniushira umwaka w'ibihumbi bibiri na cumi n'icenda**

Itegeko rishiraho amafaranga ategakanijwe gukoreshwa mu mwaka w'2018/2019 rije mu gushira mu ngiro ibwirizwa shingiro rishasha ryatowe n'abenegihugu twisunze ingingo ya 182 ivuga ko « Umwaka amafaranga ategakanywamwo gukoreshwa utangura kw'igenekerezo rya mbere Mukakaro ukarangira kw'igenekerezo rya 30 Ruheshi ku mwaka ukurikira ». Iryo hinduka ry'uwo mwaka ryisunga kandi umwaka amafaranga ategakanywa gukoreshwa n'ibindi bihugu turi mu muryango umwewo mu buseruko bwa Afrika.

Leta y'Uburundi yateguye amafaranga ariko arakoreshwa mu giheubutunzi bw'igihugu buriko buratera buja imbere hamwe no kubandanya politike yikoreshwa ry'amafaranga ya Leta dukoresheje ayasanzwe atozwa n'ikigo kiyatoza (OBR) mu myaka iheze.

Mu mwaka w'2018/2019, twiteze ko umwimbu uzogwirirana mu bisata vyinshi, bigatuma dushobora kuzokwinjiza amafaranga menshi mu kigega ca Leta. Turavye ibikenewe gukogwa mu gihugu cose, haba mu bikogwa vya minsi yose hamwe n'ibikogwa vyo gushinga imitahe, turabona ko ayatojwe n'ikigo OBR atazokwira, nico gituma mwikoreshwa ry'amafaranga ya Leta hazokogwa ibikogwa biza imbere yibindi.

Politike y'amafaranga ategakanijwe gukoreshwa yerekeye kwongereza inguvu mu ntumbero yo kwegeranya amafaranga yinjira mu kigega ca Leta hamwe no mu kuyakoresha mu bisata vyerekeye kugwiza umwimbu n'inyubakwa (uburimy'i n'ubworozi, umuyagankuba, amabarabara,...), ibisata vyerekeye imibano (indero hamwe n'amagara y'abantu), umutekano w'abenegihugu hamwe n'ibindi bisata bifasha mwiterambere ry'igihugu cose.

### **II. Ivyafatiweko mu gutegura amafaranga ariko arakoreshwa mu mwaka w'2018/2019 n'ibi bikurikira:**

1. Ubutunzi bw'igihugu (PIB) buzisununura ku rugero rungana na 3,9 kw'ijana;
2. Igabanuka ry'agaciro (Inflation) mu mpera z'umwaka rizoba riri ku bice 10 kw'ijana;
3. Uburemere bw'amakori buzoba buri ku bice 13,7 kw'ijana;

### **III. Ibigize amafaranga ariko arakoreshwa uno mwaka w'2018/2019**

Amafaranga ariko arakoreshwa uno mwaka agizwe n'ayinjira mu kigega ca Leta hamwe n'ingabire ku ruhande rumwe. Ku rundi ruhande, ayo mafaranga agizwenivyo akoreshwa, mu bikogwa vya minsi yose hamwe n'ibikogwa bituma ubutunzi bw'igihugu bwisununura.

### **III.1. Amafaranga yinjira mu kigega ca Leta**

Amafarangayinjira mu kigega agizwe n'ayava mu makori, ayatava mu makori hamwe n'ingabire.

#### **III.1.1. Ku vyerekeye amafaranga ava mu makori**

Ayo mafaranga agizwe n'amakori ava: ku mwimbu, ku nyungu ziva ku mitahe, ku makori atozwa hamwe no ku bidandazwa biva hanze y'igihugu no kw'ihanahana ry'ibidandazwa hagati y'ibihugu.

#### **III.1.2. Ayinjira mu kigega ca Leta atavuye mu makori**

Ayo mafaranga agizwe n'ayava mu matungo y'abantu, mw'igurishwa ry'ivyo abantu batunze n'ivyo bakora, ayatozwa ku mpapuro zitangwa n'ubuzi bwa Leta (uburenganzira bwo kuronka igitabu c'inzira, uburenganzira n'impusha zo kurangura imirimo itandukanye,...) hamwe n'amahadabu n'ibihano.

#### **III.1.3. Imfashanyo**

Zigizwe n'ingabire z'amafaranga akoreshwa na Leta hamwe n'imfashanyo zikoreshwa mu migambi y'iterambere. Mur'uyu mwaka, imfashanyo zingabire ntizizoshobora kuboneka.

Kuvyerekeye imfashanyo zikoreshwa mu migambi y'iterambere, muri uyu mwaka hazoboneka imfashanyo zigenewe gushira mu ngiro imigambi y'ibisata bitandukanye bigize ubuzima bwose bw'igihugu: amafaranga imiliyaridi 372.

Muri rusangi, twisunze izo ngingo zose twavuze, hitezwe amafaranga azokwinjira mu kigega ca Leta, havuyemwo imfashanyo angana imiliyaridi 847.

Kugirango dushobore gukwiza ayo mafaranga yose, ingingo zerekeye kwongereza amafaranga yinjira mu kigega ca Leta zarategakanijwe. Ikigo kijejwe kwegeranya amafaranga mu Burundi (OBR) kigiye gukora ibi bikurikira:

- ✓ Gushira mu ngiro ingingo nshasha zerekeye kwegeranya amahera;
- ✓ Guherekeza ibidandazwa kuva ku mipaka gushika aho barihira amakori;
- ✓ Gukorana hagati y'ibiro bitoza amakori n'ishirahamwe rijejwe gucungera ibidandazwa (SGS) mu ntumbero yo kurwanya ubusuma bufatiye ku kugabanura ibiciro nyakuri vy'ibidandazwa.
- ✓ Gushira inguvu mu kurihisha ibirarane vy'amakori

**Dufatiye hamwe, amafaranga ategakanijwe kuboneka, harimwo imfashanyo angana na miliyaridi 1 237,1.**

### **III.2. Amafaranga ariko arakoreshwa na Leta**

Amafaranga asohoka ava mu kigege ca Leta aja kurangura imigambi y'iterambere agabuwe mu yakoresha mu bikorwa vya misi yose no mu yashirwa mu kurangura ibikogwa vy'iterambere.

- Amafaranga akoresha mu bikorwa vya misi yose angana imiliyaridi 863,1;
- Kuvyerekeye ayazokoresha mu bikogwa vy'iterambere nayo angana imiliyaridi 519,5.

**Ingingo nyamukuru zerekeye ikoresha ry'amafaranga ya Leta mu mwaka w'ibihumbi bibiri na cumi n'umunaniushira umwaka w'ibihumbi bibiri na cumi n'icenda zerekeye cane cane :**

#### **1. Ubushikiranganji bw'uburimi n'ubworozi n'ibidukikije**

- Gutegekanya ifumbire y'ikizungu ku mafaranga imiliyaridi 8,1 ;
- Gutegekanya imbuto zirobanuwe ku mafaranga umiliyaridi 1,0
- Umugambi w'iterambere ry'ibisata bitandukanye mu burimi, ku mafaranga imiliyaridi 13,0
- Umugambi wo kumenyekanisha uburimi ku mafaranga imiliyaridi 14,3
- Umugambi wo gusubiramwo inyubako z'ubworozi ku mafaranga imiliyaridi 6,1
- Umugambi wo kunagura umwimbu no gukomeza igisata c'ikawa mu Burundi ku mafaranga imiliyaridi 22,8
- Umugambi wo kugwanya gufungura nabi mu ntara kama y'Imbo no mu kumoso ku mafaranga imiliyaridi 16,5
- Umugambi wo gufasha intwari hamwe no mugushira mu ngiro igisata c'uburimi n'ubworozi-intambwe ya 3 ku mafaranga imiliyaridi 18,6
- Ikigege rusangi co gukinga isi ndimwa ku mafaranga imiliyaridi 6,5.

#### **2. Ubushikiranganji bw'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka**

- Kwubaka urugomero rw'umuyagankuba kuri KABU 16 (20 MW) ku mafaranga imiliyaridi 41,2 ;
- Kwubaka urugomero rw'umuyagankuba kuri RUSUMO (80 MW) ku mafaranga imiliyaridi 25,1 ;
- Kwubaka urugomero rw'umuyagankuba kuri Jiji 03 (31,5MW) na Mulembwe 34 (16,5 MW) ku mafaranga imiliyaridi 35 ;
- Umugambi wo gukwiragiza amazi meza mu bumanuko bw'igisagara ca Bujumbura ku mafaranga imiliyaridi 21,9 ;
- Kwubaka umuhora w'umuyagankuba A (220KV) Kamanyora-Bujumbura ku mafaranga imiliyaridi 10,7 ;
- Kwubaka umuhora w'umuyagankuba A (220KV) Rusumo-Gitega no mu bindi bibanza ku mafaranga umuliyaridi 1,9 ;
- Umugambi wo gutegura ahazoya urugomero rw'umuyagankuba kuri Ruzibazi ku mafaranga imiliyoni 800;
- Gukwiragiza umuyagankuba uvuye mumishwarara y'izuba ku mafaranga umuliyaridi 1,1 ;
- Umugambi wo gukwiragiza umuyagankuba mu ntara ya Kirundo ku mafaranga imiliyaridi 3,0.

### **3. Ubushikiranganji bujewe kwegereza ubutegetsu abenegihugu no gutunganya intwari n'inzezo z'igihugu**

- Umugambi wo kwubaka ibigwari ku mafaranga imiliyoni 219,1.
- Umugambi wo gukarahiriza ubwenge abajewe intwari ku mafaranga imiliyaridi 2,3.

### **4. Ubushikiranganji bw'indero n'inyigisho z'imyuga**

- Gutanga ivya nkenerwa ku banyeshuri biga baba mu ndaro ku mafaranga imiliyaridi 10,8;
- Kuriha amafaranga y'ishuri abuze ku yategerezwa kurihwa angana amafaranga imiliyaridi 4,1;
- Kugaburira abanyeshuri bo mu mashuri y'intango ku mafaranga imiliyaridi 2,6 ;
- Kugura ibikoresho vyo mu mashuri yisumbuye n'ayinderabigisha (ibitanda, amamatera n'ibindi bikoresho mfashanyigisho) ku mafaranga imiliyoni 300;

- Ikigega rusangi kijejwe indero ku mafaranga imiliyaridi 4,6;
- Kugura ibikoresho vyo mu mashule y'intango ku mafaranga umuliyaridi 1;

#### **5. Ubushikiranjanji bw'amagara y'abantu no kurwanya ikiza Sida**

- Udukarata two kwivurizako ku mafaranga y'amarundi angana imiliyaridi 9,3;
- Kugura imiti yo kurwanya ikiza ruhonya nganda Sida ku mafaranga umuliyaridi 1,9 ;
- Imfashanyo ifatiye ku kwitanga kurusha abandi ku mafaranga imiliyaridi 21,0;
- Kugura ibikoresho mu kigo c'igihugu kijejwe gutanga amaraso aho bayakeneye ku mafaranga imiliyoni 545;
- Kugura imiti yo kugwanya malaria ku mafaranga imiliyaridi 4,7 ;
- Kugura imiti yo kugwanya igituntu ku mafaranga imiliyoni 125;
- Umugambi wo guteza imbere igasata c'amagara y'abantu ku amafaranga imiliyaridi 21,6;
- Gukomeza umugambi wo kurwanya indwara ya malaria ku mafaranga imiliyaridi 20,3.

#### **6. Ubushikiranjanji bw'agateka ka zinamuntu, imibano n'iterambere ridakumira**

- Gufasha abatishoboye kwivuza ku mafaranga umuliyaridi 1,1;
- Gufasha abagendana ubumuga no kubigisha imyuga ku mafaranga imiliyoni 845,9 ;
- Umugambi wo gukinga amabi afatiye kugitsina hamwe n'amagara meza kubakenyezi ku mafaranga imiliyaridi 8,6;
- Kugurira ibifungugwa ba ntahonikora n'abatewe n'amapfa ku mafaranga imiliyoni 700.

#### **7. Ubushikiranjanji bw'intwaro yo hagati, inyigisho zo gukunda igihugu n'iterambere ry'abanegihugu**

- Gufasha imigambi y'iterambere ry'ama komine ku mafaranga imiliyaridi 59,5.

**Dufatiye hamwe, amafaranga ategakanijwe gukoreshwa mu bikogwa vya minsi yose hamwe n'ibikogwa vy'iterambere ry'igihugu angana imiliyaridi 1 444,7.**

### **III.3. Amafaranga yose akenewe kwongerezwa ugereranijeayinjira hamwe n'ayakoreshwa**

Amafaranga yose akenewe kwongerezwa ufatiye ku yinjira n'ayakoreshwa na Leta angana amafaranga imiliyaridi 163,5. Kugira ayo mafaranga aboneke, Leta ibwirizwa gukoresha ubuhinga bwo kuyarondera. Murubwo buhinga, hari ukugurana hanze y'igihugu, kugurana mu ma banki yo mu gihugu no mu yandi mashirahamwe akora nk'ama banki.

1. Ku mafaranga ava hanze y'igihugu, angana n'imiliyalidi 16,8; ibisabwa n'amabanki, ni amafaranga imiliyaridi 24,9. Nukuvuga ko tuzokwishura amafaranga ama banki yo hanze imiliyaridi 8,1.

2. Amafaranga ava mu gihugu ataco asabwako ni amafaranga imiriyalidi 171,6.

Kuvyerekeye ingurane iva hanze, ukuyemwo ibisabwa n'amabanki, ayo mafaranga ni imiliyaridi 16,8. Duharuye amadeni igihugu gifitiye amakungu, dusangatuzoriha mur'uwu mwakai miliyaridi 24,9.

Turavye ingurane iva mu gihugu ataco isabwako, igizwe n'amafaranga ava mu mabanki angana imiliyaridi 141,3 z'amafaranga y'amarundi n'ayatava mu mabanki angana imiliyaridi 47, hamwe no gusubiza ama deni twaguranywe n'amabanki nayandi mashirahamwe akora nk'ama banki angana imiliyaridi 16,7.

Ng'uko ukwo amafaranga yose ariko akoreshwa na Leta mu mwaka w'ibihumbi bibiri na cumi n'umunaniushira umwaka w'ibihumbi bibiri na cumi n'icenda ategekanijwe.

**IV.Igabanganywa ry'amafaranga ariko arakoreshwa na Leta mu mwaka w'ibihumbibiri na cumi n'umunani ushira umwaka w'ibihumbibiri na cumi n'icenda mu bisata bikuru bigize ubuzima bw'igihugu.**

	<b>Ibisata bigize ubuzima bw'igihugu</b>	<b>Amafaranga azakoreshwa na Leta mu mwaka w'2018/2019</b>	<b>Umugabane kw'ijana (%)</b>
<b>IGISATA 1</b>	<b>UBWIGENGE</b>	<b>194 860 711 254</b>	<b>14,1%</b>
	Ibiro vy'umukuru w'igihugu	26 855 627 288	1,9%
	Ibiro vy'Icegera ca mbere c'umukuru w'igihugu	1 706 312 814	0,1%
	Ibiro vy'Icegera ca kabiri c'umukuru w'igihugu	1 873 677 381	0,1%
	Ibiro bikuru vy'umuvugizi wa Leta	1 007 955 946	0,1%
	Inama nshingamateka	10 764 511 208	0,7%
	Inama Nkenguzamateka	6 044 126 159	0,4%
	Sentare ijejwe kugenzura ikoreshwa ry'amafaranga ya Leta	980 703 577	0,1%
	Ubushikiranganji bw'intwara yo hagati, inyigisho zo gukunda igihugu n'iterambere ry'abenegihugu	66 189 197 244	4,6%
	Umugwi wigenga ujejwe gutunganya amatora	34 937 514 043	2,4%
	Umuhuza w'abarundi	1 308 048 424	0,1%
	Ubushikiranganji bw'imigenderanire y'Uburundi n'amakungu	23 170 570 955	1,6%
	Ubushikiranganji bw'urwaruka, amaposita n'ubuhinga bwa none mu guhanahana amakuru	921 597 460	0,1%
	Ubushikiranganji bujejwe kwegereza ubutegetsi abenegihugu no gutunganya intwara n'inzego z'igihugu	2 878 172 141	0,2%
	Ubushikiranganji bwo gutumatumanako no kumenyeshya amakuru	6 272 609 464	0,4%
	Ubushikiranganji bw'abakozi ba reta n'akazi	3 733 512 157	0,3%
	Ubushikiranganji bujejwe iyinjira ry'Uburundi mu muryango uhurikiyemwo ibihugu vya afrika y'ubuseruko	14 993 351 227	1,0%
<b>IGISATA 2</b>	<b>KWIVUNA ABANSI N'UMUTEKANO</b>	<b>187 066 132 297</b>	<b>12,9%</b>



	Ubushikiranganji bw'umutekano, gukinga no gutabara mu gihe c'ibiza n'isibe	70 505 356 819	4,9%
	Ubushikiranganji bwo kwivuna abansi no kubungabunga abahoze ku rugamba	116 560 775 478	8,1%
<b>IGISATA 3</b>	<b>UBUTUNGANE</b>	<b>20 340 374 554</b>	<b>1,4%</b>
	Ubushikiranganji bw'ubutungane, kwubahiriza iteka n'itekane vy'igihugu no gushingura ikimangu ca Repuburika y'Uburundi	20 340 374 554	1,4%
<b>IGISATA 4</b>	<b>UBUTUNZI BW'IGIHUGU</b>	<b>190 425 213 917</b>	<b>13,2%</b>
	Ubushikiranganjibw'ubutunzi no gufashanya mu migambi y'iterambere	187 884 230 562	13,0%
	Ubushikiranganji bw'intwari ibereye	3 161 396 246	0,2%
<b>IGISATA 5</b>	<b>IMIBANO</b>	<b>480 961 783 193</b>	<b>33,5%</b>
	Ubushikiranganji bujewe inyigisho za kaminuza n'ubushakashatsi	44 718 076 609	3,1%
	Ubushikiranganji bw'indero n'inyigisho z'imyuga	252 526 202 135	17,5%
	Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu no kurwanya ikiza Sida	168 137 441 680	11,6%
	Ubushikiranganji bw'agateka ka zina muntu, imibano n'iterambere ridakumira	16 915 508 308	1,2%
	Ubushikiranganji bw'imico kama, akaranga n'inkino	2 308 727 363	0,2%
<b>IGISATA 6</b>	<b>KUGWIZA UMWIMBU</b>	<b>142 191 434 881</b>	<b>10,1%</b>
	Ubushikiranganji bw'uburimi n'ubworozi n'ibidukikije	139 207 082 375	9,6%
	Ubushikiranganji bw'ubudandaji, amahinguriro n'ingenzi	6 954 752 289	0,5%
<b>IGISATA 7</b>	<b>INYUBAKWA</b>	<b>215 952 707 975</b>	<b>14,7%</b>
	Ubushikiranganji bw'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka	171 630 664 085	11,9%
	Ubushikiranganji bw'ibikorwa n'ibikoresho vya reta no gutunganya ibisagara	40 310 282 080	2,8%
<b>YOSE HAMWE</b>		<b>1 444 798 358 071</b>	<b>100,0%</b>

Amafaranga azokoresheha yose hamwe ni amafaranga **1444 798 358 071** ; imiliyaridi igihumbi n'amajana ane na milongo ine n'ane, imiliyoni amajana indwi na milongo icenda n'umunani, ibihumbi amajana atatu na milongo itanu n'umunani n'ibihumbi milongo indwi na kimwe.